

# James Forten

Lekti “James Forten”, se **biyografi** yon maren nan epòk fen revolisyon Amerikèn nan. James Forten te ap viv nan vil Filadelfi, kote ki genyen plizyè santèn ameriken nwa ak anpil gwooup **abolisyonis**, tankou: “Quakers” (yon gwooup relijye ki te ap batay pou aboli esklavaj)

Papa James Forten mouri lè li te gen setan, manman li te vle li kontinye lekòl . Li fè sa pandan dezan, apre sa li te pran djòb nan yon ti boutik.

Sa James te vle fè, se te ale sou lanmè. An 1781, lè James te gen katòzan, avèk pèmisyon manman ni, James pran lanmè pouli. Lè gen batay, travay James se te ale chache poud bal nan fon kal bato a, pote 1 monte nan pon bato a. Nan dezyèm batay Fortèn patisipe, bato ki te rele “Royal Louis” te pran nan **anbiskad**, nan mitan twa bato anglè. Royal Louis te rann tèt li.

James Forten te pè pou yo pa\_voye 1 nan Antiy yo, kote yo kapab vann ni kòm esklav. Yo mennen tout **ekipaj** bato a abò yon bato anglè yo rele “The Amphyon”.

Abò bato Anglè a, kapitèn Beasley te fè enspeksyon tout **prizonye** yo. Li te separe tigason yo ak granmoun gason ki pi aje yo. Timoun piti yo te gen pi plis tan lib, menmsi yo te prizonye. Se konsa pitit kapitèn Beasley te wè ti gason ameriken yo ap jwe mab. Se pandan jwèt mab pitit Beasley a te vini zanmi Forten.

Rezulta zanmitay la se te pou kapitèn bato a pat voye Forten ale nan zantiy yo kòm esklav. Yo te trete Forten kòm yon prizonye lagè, e yo te mete 1 sou yon bato yo rele “Jersey”.


Bato “Jersey” te yon ansyen bato ki te **akoste** nan pò “Long Island”. Yo pat kapab sèvi ak li pou lagè. Yo te rebati andedan 1 pou li vini tounen you lopital ak yon prizon. Anpil lan prizonye yo te malad ak la fyèv jòn, yo te rete la ap tann lamò. James Forten te **temwaye** ke se jwèt mab ak zanmitay pitit Beasley ki sove lavi 1.

Premye novanm, de semenn apre yo te sezi bato Royal Louis, jeneral Charles Cornwallis, ki t ap kòmande ame anglè a **soumet** a George Washington. Washington te **pwoteste** pou ame anglè a pat voye prizonye yo nan zantiy. Petèt se nouvèl sa a ki sove James Forten, se pat jwèt mab ak pitit kapitèn nan.

James Forten pa yon ero. Li pa koule, ni kraze okenn bato anglè poukонт li. Tankou anpil lòt afriken, James Forten batay pou libète Amerik, e li batay byen. Li se youn nan mil afriken ki ede kreye peyi nou konnen kòm Etazini Damerik.

Apre lagè, James te retounen Filadelfi. Li te travay kòm apranti nan fè vwal bato, pou Robert Bridges, menm misye papa l te konn travay la. Menmjan ak papa l, James se te yon bon travayè. Alafen, li vini pwan kontwòl biznis la pou Robert Bridges. An 1798, James Forten vini mèt biznis la. A yon sèten moman, biznis la te anplwaye karant travayè, nwa kòm blan. Forten te vini youn nan moun pi rich nan Filadelfi. James marye e li te pase bay fanmi li bòn abitid li te aprann de papa l. Forten kontribye anpil nan biznis vwal bato. Nan ane aprè yo, Forten te itilize lajan li pou li te sipòte gwoup ki te kont esklavaj ak tout gwoup ki t ap ede fi gen dwa pou vote – lè sa plis ke 90 poustan nwa nan amerik te esklav.

James Forten te vini youn nan moun ki gen anpil pouvwa ak enfliyans nan kesyon aboli esklavaj. Li pase anpil tan nan vi li ap plede pou libète pèp li, nan peyi pèp li te ede kreye- Etazini Damerik.



An nou panse a istwa James Forten.

## **KESYON**

Pouki sa ou panse otè a chwazi pou li di istwa James Forten, menmsi li pa kwè ke James Forten se yon ero? Chwazi detay nan istwa a pou sipòte repons ou.

Chwazi yon bagay nan istwa ki ede fòme lavi James Forten. Kisa li aprann de eksperyans li?

Kouman lavi James Forten aprè lagè revolisyon an DIFERAN a lavi li pandan lagè revolisyon?


Kouman ou panse zanmitay James ak pitit gason Beasley a ede l ?

**Konpare ak fè diferans:** Anpil moun riske lavi yo pou libetè pandan revolisyon ameriken Konpare lavi Newo Awli ak lavi James Forten.

### **Diskisyon:**

Kouman ou panse vi James Forten enfliyanse vi ou? Esplike.

5<sup>th</sup> grade - Theme 3 - Voices of the Revolution  
 James Forten



5<sup>th</sup> grade - Theme 3 - Voices of the Revolution  
James Forten

abolisyonis	aprantisaj	ede	prizonye
konfli	laperèz	ankouraje	esklavaj
enflyansyèl	bato prive	atake	pwodwi
desandan	abilite	abò	aminisyon
provizyon	zanmitay	trèt	Lafyèv Jòn

